



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Office of the Superintendent



15 Jen 2021

Bonjou Kominote Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan,

Mwen ekri w pou'm adrese dènye enfòmasyon mwen te resevwa jodi a konsènan aktyèl pandemi COVID-19 la ak enpak li sou kominote lekòl nou an. Premyerman, yo te enfòme nou ke yon manm nan kominote Lekòl Distri Orange nou an te teste pozitif pou COVID-19 la. Tanpri sonje, nenpòt moun ki jije ki te nan kontak sere avèk anplwaye a ap resevwa kominikasyon dirèk swa nan Depatman Sante Orange lan oswa nan Distri a.

Etandone nati pandemi sa a, nou kontinye fè konfyans ke Depatman Sante Orange lan ap gide kominote a nan nenpòt pwoesisis ki nesesè nan moman sa a. Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan ap kontinye travay kole kole ak ofisyèl sante piblik yo, pou ede nan nenpòt fason posib, epi kenbe kominote lekòl nou an byen enfòme.

Tanpri konprann ke akòz lwa eta ak federal sou vi prive, nou pa pral kapab pataje enfòmasyon espesifik yo avèk ou. Depatman sante lokal la pral okipe'l de nenpòt notifikasiyon yo. An akò ak lwa eta a, nou espere depatman sante a ap fè yon ankèt sou maladi a pou idantifye ki kote moun lan ap viv ak kontak sere ki ka nan risk adisyonèl ak kote resan nan vwayaj li. Lè yo idantifye kontak sere yo, yo pral enfòme yo pèsònèlman pou plase'l an karantèn pou yon peryòd ki rive jiska 14 jou. Si moun yo devlope sentòm (lafyèv, tous, oswa difikilte pou respire) pandan 14 jou yo oswa resevwa yon rapò laboratwa konfime pou COVID-19 la, yo dwe kontakte depatman sante lokal yo.

Akòz nati enfòmasyon k'ap evolye yo, yo ankouraje rezidan yo pou kontakte 24/7 NJ COVID-19 Rele Sant lan nan 1-800-222-1222 oswa 1-800-962-1253 si yo rele nan yon telefòn selilè ki pa NJ pou ... enfòmasyon ki pi ajou. Rezidan New Jersey yo ka rele tou NJ 211 ak kesyon oswa enkyetid sou COVID-19 la lè yo rele 2-1-1. NJ 211 se enfòmasyon komplè nan tout eta New Jersey a ak sèvis referans ki opere pa United Way nan New Jersey. Rezidan yo ka voye tèks NJCOVID tou nan 898-211 pou resevwa enfòmasyon tèks epi rete enfòme. Pou resevwa èd tèks ap andirèk, rezidan yo ka tèks kòd postal yo nan 898-211.

Nou nan sa nou ye a ansanm kòm yon kominote lekòl. Rezistans kontinyèl w pandan pandemi sa a te remakab ak sètènman apresye. Nan Orange, nou se yon sèl ekip epi nou sètènman fòme yon fòs. Anfen, tanpri rete an sekirite epi sonje ke nou la pou ou.

Edikasyonèlman,

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Sipèntandan Lekòl yo